# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु दुपहरिया में प्रयागराज पहुंचलें। उहां के महाकुंभ दुइ हजार पचीस क औपचारिक उद्‌घाटन अउर पांच हजार पांच सौ करोड़ रूपिया के कई गो विकास परियोजना क सुभारम्भ कइलीं। येह मौका पर भइल जनसभा में उहां के कहलीं कि महाकुंभ दुइ हजार पचीस एकता अउर समानता क अइसन महायज्ञ होई जवन राष्ट्र क मार्गदरसन करी। एकर चरचा पूरा दुनिया में होई। श्री मोदी कहलें कि प्रयागराज के पवित्र धरती पर महाकुंभ के दौरान एगो नया इतिहास रचल जाई।

प्रधानमंत्री प्रयागराज में प्रमुख मंदिर गलियारनों क उद्‌घाटन कइलें। एहमें भारद्वाज आश्रम गलियारा, श्रृंगवेरपुर धाम गलियारा, अक्षयवट गलियारा अउर हनुमान मंदिर गलियारा सामिल हौ। उहां के गंगा नदी के ओरि जाये वाला छोटहन नाला के रोके, टैप करे, मोड़ले अउर उपचारित कइले से जुड़ल परियोजना क उद्‌घाटन कइलीं। प्रधानमंत्री कुंभ सहायक चैटबॉटो क सुभारम्भ कइलें जवन महाकुंभ मेला से सम्बन्धित सरधालुअन क मार्गदरसन करी।

एकरे पहिले, उहां के संगम नोज, अक्षयवट वृक्ष, हनुमान मंदिर अउर सरस्वती कूप में पूजा–अर्चना कइलीं। उहां के कुंभ के व्यवस्था के देखे बदे संगम इलाका में क्रूज क यात्रो कइलीं। प्रधानमंत्री महाकुंभ परदरसनी वाले जगहियो क भ्रमण कइलें।

प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रधानमंत्री क प्रयागराज में स्वागत कइलें। महाकुंभ दुइ हजार पचीस क आयोजन प्रयागराज में तेरह जनौरी से छब्बीस फरौरी ले होई। येह कुंभ में सरधालुअन बदे क्रूज सेवो उपलब्ध रही।

**********

काशी विश्वनाथ धाम क लोकारपण के तीनि बरिस पूरा भइले पर आजु ओहवां कई गो आयोजन कइल जा रहल हौ। धाम के फूल अउर रंग–बिरंगी रोसनी के जरिया से सजावल गइल हौ। बनारस क मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा अउर मंदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्रा क अगुआई में आजु दिन में ओइजा खास पूजा–अर्चना कइल गइल। येह मौका पर भइल धारमिक अनुस्ठान अउर हवन यज्ञ के जरिया से सज्जो राष्ट्र के खुसहाली अउर समृद्धि क कामना कइल गइल। तीनि बरिस पहिले अजुये के दिन्ने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काशी विश्वनाथ धाम क नया स्वरूप में लोकारपण कइले रहलें।

**********

झांसी जिला में राष्ट्रीय जांच एजेंसी–एनआईए से धक्का–मुक्की कइ के एगो मनई के छोड़वले के मामिला में ओइजा क पुलिस मेहरारू के सथहीं एक सौ दस लोगिन पर मोकदिमा दरज कइले हौ। बिदेसी फंडिम अउर आतंकवादी संगठनन से जुड़ल भइले के सक में छापेमारी के बाद एजेंसी काल्हि जब संदिग्ध मनई के पूछताछ बदे साथे ले जात रहे त भीड़ि धक्का–मुक्की कइ के ओके छोड़ा लिहले रहलि। बाद में स्थानीय पुलिस के हस्तक्षेप से ओसे पूछताछ कइल गइल अउर छोड़ि दीहल गइल।

**********

देस आजु ओह सुरक्षाकरमियन अउर सहीदन के सरधांजलि दे रहल हौ, जे तेइस सालि पहिले तेरह दिसम्बर दुइ हजार एक के आतंकवादी हमला के दौरान संसद क रक्षा करत आपन जांन गंवा दिहले रहलें। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया सनेसा के जरिये ओह सुरक्षाकरमियन अउर सहीदन के सरधांजलि दिहलें। संसद के दुन्नो सदनो में संसद हमला के सहीदन के आजु सरधांजलि दीहल गइल।

**********

इस्राइल क कृषि वैज्ञानिक उरी रबीन्सटन बस्ती जिला में आजु इण्डो–इस्राइल सेंटर ऑफ एक्सीलेंस फॉर मैंगो क भ्रमण कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि हर गांव में पांच मास्टर ट्रेनर तइयार कइल जाय। एहसे इस्राइली सरकार क बिसेसज्ञन क सुझाव के हिसाबि से केन्द्र पर चलि रहल कई गो नया औद्यानिक तकनीकन क प्रचार–प्रसार होई अउर किसानन क आय बढ़ावल जा सकी।

**********

सत्तर बरिस से बेसी उमिरि के लोगिन बदे आयुष्मान वय वंदना कार्ड बनवले के मामिला में बनारस जिला पूरा प्रदेस में सबसे आगे हौ। ओइजा क मुख्य चिकित्सा अधिकारी डॉक्टर संदीप कुमार चौधरी बतवलें कि जिला में पैंतिस हजार सात सौ पैंतीस पात्र बुजुरूग लोगिन क कार्ड बनावल गइल हौ। येह कार्ड के जरिये पांच लाख रूपिया ले क निःसुल्क उपचार क सुविधा देस के कउनहू पंजीकृत सरकारी अउर निजी अस्पताल में भरती हो के पा सके लें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग अगिला चारि दिन में प्रदेस के कई जगहिनि पर सितलहरी अउर कुछु जगहिनि पर कुहेसा के ले के चेतावनी जारी कइले हौ। विभाग के ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के मोताबिक बिहने पूरबी अउर पच्छिमी उत्तर प्रदेस में कई जगहिनि पर सितलहरी रही। प्रदेस के कुछु जगहिनि पर ई सितलहरी पनरह दिसम्बरो के चलले क चेतावनी जारी कइल गइल हौ। विभाग के हिसाबि से सोरह दिसम्बर के पच्छिमी उत्तर प्रदेस में कई जगहिनि पर सितलहरी रही, जबकि पूरबी उत्तर प्रदेस के तराई वाले इलाकन में देर राति अउर भिन्नहीं के समय घना कुहेसा छावले रही। येह इलाकन में कुहेसा क ई असर सतरह दिसम्बरो के देखल जा सके ला। विभाग अगिला पांच दिन के दौरान अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में कदनों बड़हन बदलाव न भइले क सम्भावना जतवले हौ।

**********